

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judul “Antologi Carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)”. Dina ieu panalungtikan ngébréhkeun ngeunaan stuktur tina sapuluh carpon anu dianalisis ngagunakeun tiori Robert Stanton jeung ajén étnopédagogi Alwasilah, spk. Téhnik nu digunakeun nyaéta talaah pustaka jeung analisis eusi.

Struktur carita dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem ngawengku kana tilu bagéan nyaéta téma, fakta, jeung sarana carita. Tina sapuluh carpon nu ditalungtik kapaluruh miboga téma nu sarua saperti sosial, cinta, jeung kulawarga. Téma sosial ngawengku kana tujuh carpon nyaéta “Koruptor Élit”, “Dina Parahu”, “Muruy”, “Limus Juragan Karta”, “Payung Pulas Héjo Lukut”, “Kembang Hariang”, jeung “Kurabu Batuna Bungur”. Téma cinta ngawengku kana dua judul carpon saperti “Muruy” jeung “Purnama”. Aya ogé tema kulawarga saperti “Héhérang Panon”, jeung “Kurabu Batuna Bungur”.

Fakta carita ngawengku kana tilu hal nyaéta galur, tokoh, jeung latar. Aya dua galur nu mindeng dipaké dina éta sapuluh carpon nyaéta mérélé jeung mobok tengah. Ditilik tina tokoh anu aya dina ieu carpon kapaluruh peran utama jeung tambahan. Salian ti éta watek tokoh ogé kapaluruh kabagi jadi dua nyaéta protagonis jeung antagonis. Latar carita tina sapuluh carpon nu ditalungtik aya dua nyaéta tempat jeung waktu.

Sarana carita dina ieu panalungtikan aya dua aspék nyaéta judul, jeung puseur implengan. Dina puseur implengan sapuluh carpon nu ditalungtik kapaluruh dua puseur implengan nyaéta jalam kahiji-utama jeung katilu-kawatesan. Tina sapuluh carpon aya opat nu puseur implenganna jalma kahiji-utama. Sedengkeun puseur implengan jalam katilu-kawatesan aya genep.

Buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem sabada dianalisis réa kapaluruh ajén étnopédagogina. Sakabéh konsep jati diri urang Sunda nu ngawengku hurip, waras, cageur, bener, bageur, pinter, ludeung, silih asah, silih asuh, silih asih, jeung sineger tengah aya dina sapuluh carpon.

Sinta Puspitasari, 2023

ANTOLOGI CARPON SURAT PENTING PUSTAKAWATI KARYA PATREM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan miboga implikasi dina sababaraha widang saperti atikan jeung kasusastraan. Dina widang atikan dipiharep bisa méré mangpaat tur pangaweruh anyar boh keur guru boh siswa. Sedengkeun dina widang kasusastraan bisa ngeuyeuban deui panalungtikan ngeunaan struktural jeung étnopédagogi.

1.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan nu kapaluruh, aya sababaraha rékoméndasi nu bisa ditepikeun, nyaéta pikeun panalungtikan ka hareupna bisa ngagunakeun ulikan nu sarua dina karya sastra séjénna sarta lembaga akademisi kudu bisa ngahudangkeun deui minat masarakat kana karya sasatra nu miboga ajén-ajén positip di jerona.